


Gid Oryantasyon pou iPad



Haitian Creole


Rezime

iPad ou an vini ak yon feyè papye nan bwat la ki soti nan Apple. Gid itilizatè konplè iPad Apple la disponib sou entènèt nan support.apple.com Gid sa a w ap li a gen kèk nan menm enfòmasyon yo men nan yon fòm ki pi senp. Li gen ladan tou enfòmasyon adisyonèl ke ou ka jwenn itil. REMAK: Si ou wè mo oswa tèminoloji nan Gid sa Oryantasyon iPad sa ke ou pa konnen, tanpri al gade dènye paj la ki gen yon lis *Definisyon Mo iPad*.

Bouton/Priz:



Kijan pou chaje iPad la:




Men yon bèl videyo apèsi 35-minit sou bazik iPad yo ki disponib sou YouTube:

<https://bit.ly/iPad-Basics>

Kijan pou konfigire iPad ou a

1. **Limen:** Peze epi kenbe bouton limen an jiskaske ou wè logo Apple la.
2. **Apre:** Ou pral wè "Alo" nan plizyè lang. Swiv etap sa yo sou ekran pou kòmanse. (Si ou avèg oswa ou pa wè byen, ou ka [aktif VoiceOver](#) oswa [Zoom](#) nan ekran Hello.) Lè yo mande ou, chwazi lang ou. Lè sa a, tape peyi ou an (US). Sa pral afekte jan enfòmasyon yo afiche, ki enkli dat, lè, kontak, ak plis ankò. Apre sa, tape bouton aksesibilite ble a pou [konfigire Opsyon Aksesibilite yo](#) ki ap ede w nan konfigirasyon ak itilizasyon iPad ou an.




Peze "[Set Up Manually \(Konfigire Manyèlman\)](#)" nan bouton anba ekran pou kontinye.

3. **Aktive:** Ou dwe konekte ak yon rezo Wi-Fi, rezo telefòn, oswa iTunes pou aktive epi kontinye konfigire aparèy ou a. Tape rezo Wi-Fi ou vle itilize a oswa chwazi yon lòt opsyon.



4. **Konfigire Touch ID:** Avèk fonksyonalite sa, ou kapab itilize anprent ou pou deverouye aparèy ou an epi fè acha. Peze Kontinye epi swiv enstriksyon yo, oswa peze "Set Up Later in Settings." (Konfigire Pita nan Paramèt).
5. **Kreye yon kòd aksè:** Kreye yon kòd aksè 6 chif pou kapab pwoteje done w yo. Ou dwe gen yon kòd aksè pou itilize fonksyonalite tankou Touch ID ak [Apple Pay](#). Si w ta renmen gen yon kòd aksè 4 chif, kòd pèsonalize oswa pa gen kòd, peze "Passcode Options." (Opsyon Kòd Aksè).



6. **Konekte ak idantifyan (ID) Apple ou a:** Mete ID Apple ou ak modpas ou, oswa peze "Forgot password or don't have an Apple ID?" (Bliye modpas oswa ou pa gen yon ID Apple). A pati de sa, ou ka rejwen ID Apple ou oswa modpas ou, kreye yon ID Apple, oswa konfigire l pita. Si w ap itilize plis pase yon ID Apple, peze "Use different Apple IDs for iCloud and iTunes?" (Itilize ID Apple diferan pou iCloud ak iTunes). Lè w ap konekte ak ID Apple ou, yo ka mande w yon kòd verifikasyon a pati premye aparèy ou a.




7. **Aktive mizajou otomatik ak konfigire lòt fonksyonalite:** Nan pwochen ekran, ou kapab decide si wap [pataje enfòmasyon](#) ak moun ki devlope aplikasyon yo epi otorize iOS pou fè mizajou otomatik.



8. **Konfigire Siri ak lòt sèvis:** Yo pral mande w pou konfigire oswa aktive sèvis ak fonksyonalite, tankou Siri. Yo pral mande w pou di kèk fraz pou Siri kapab rekonèt vwa w. Si ou te konekte ak ID Apple ou epi si ou ta renmen konfigire lòt ospyon [Apple Pay](#) ak [iCloud Keychain](#), swiv etap sa yo sou iPad.



9. **Konfigire Ekran Lè ak lòt opsyon afichaj:** **Ekran Lè** a bay yon ide sou konbyen tan oumenm ak/oswa pitit ou pase nan aparèy ou yo. Li pèmèt ou tou konfigire limitit tan pou itilizasyon jounalye aplikasyon yo. Aprè ou fin konfigire Ekran Lè a, ou kapab itilize Afichaj Zoom pou fè ajisteman gwosè sensbòl ak tèks sou ekran Akèy ou a.



10. **Finalize:** Peze "Get Started" (Kòmanse) pou kòmanse itilize Ipad ou a. Fè yon kopi done ou yo [lè w anrejistre yo](#), epi aprann plis sou fonksyonalite yo atravè gid itilizatè ki nan bwat iPad ou a.
11. **Chaje iPad:** Lè senbòl batri an nivo ki ba, konekte chajè w. Ou konnen ke iPad la ap chaje lè 'senbòl eklè' parèt ladan li.



12. **Fèmen:** Peze epi kenbe bouton **On/Off/Vèy** la ki nan kwen anwo a dwat la nan iPad la. Kontinye kenbe bouton an jiskaske yon senbòl pou glise dwèt ou sou li parèt sou ekran. **Glise l nan power off (fèmen)** glise l adwat nèt.

Sonje, enfòmasyon sa yo ak plis ankò disponib sou paj web Enklizyon Dijital nou an.


cv-atlab.org/Digital-Inclusion



ipad Settings (Paramèt iPad)

Aplikasyon paramèt la nan Ekran Akèy la. Li genyen meni ladan pou fè plizyè bagay.


- Chanje jan tablet ou an fonksyone
- Jere ID Apple ou ak souskripsyon App Store ou yo
- Bloke kèk kontni
- Siveye ak kontwole kijan oumen ak/oswa fanmi w itilize aparèy la
- Konfigire notifikasyon, vi prive, ak modpas
- Aktive/Dezaktive Wi-Fi
- Konfigire fon ekran w “wallpaper”
- Chanje liminosite ekran an
- Ak plis ankò!





Paramèt aksesibilite

iPad la gen anpil paramèt aksesibilite pou ede kont pwoblèm ak preferans nan vizyon, fizik ak mouvman, tandè ak aprantisaj. Ale nan Paramèt, epi jwenn senbòl Aksesibilite a:



Epi chwazi youn nan opsyon sa yo. Enfòmasyon ak videyo/lyen espesifik pou chak nan sa yo disponib anliy sou paj web Enklizyon Dijital nou an: www.cv-atlab.org/digital-inclusion



Vizyon	Fizik ak Mouvman	Tandè
Voice Over	Touch (Touche)	Aparèy pou Tandè
Zoom	Face ID & Attention (Atansyon ak Idantifyan Vizaj)	Rekonesans Son
Loup	Bouton Kontwòl	RTT/TYY (Aparèy komunikasyon pou moun ki pa tandè byen)
Afichaj ak Gwosè Karaktè	Kontwòl Vokal	Odyo Vizyèl
Mouvman	Akèy oswa Boutan anwo	Soutit
Kontni Oral	Remote Apple TV	Jeneral
Deskripsyon Odyo	Pointer Control (Kontwòl avek opsyon klike)	Aksè Gide
	Klavye	Siri
	Kreyon Apple	Rakousi Aksesibilite



Konfigirasyon Imèl

Si wap itizilye yon founisè imèl tankou iCloud, Google, oswa Outlook, paramèt pou Mail yo kapab konfigire otomatikman kont imèl ou ak adrès imèl epi modpas ou.

1. Ale nan paramèt  > desann nan **Mail** > epi peze **Accounts (kont yo)**.
2. Peze **Add Account (Ajoute Kont)**, epi chwazi founisè imèl ou a. (Si ou pa wè founisè imèl ou a peze **Lòt** pou ka ajoute kont ou manyèlman.)
3. Antre adrès imèl ou ak modpas ou.
4. Peze **Next (Pwochen)** epi tann pou Mail verifye kont ou an.
5. Chwazi enfòmasyon nan imèl ou tankou Kontak oswa Kalandriye
6. Peze **Save (Anrejistre)**.






Konfigire Face Time

Nan aplikason Face time lan, ou ka fè videyo oswa odyo pou rele fanmi ak zanmi, Avèk kamera ki devan, ou kapab pale fas fas. Avèk kamera dèyè a ou ka pataje ak moun lan kisa ki ozalentou ou.

1. Ale nan Settings (Paramèt)  > FaceTime, epi aktive FaceTime.
2. Si ou vle pou kapab pran foto andirèk pandan apèl FaceTime yo, aktive FaceTime Live Photos.
3. Antre nimewo telefòn ou, ID Apple, oswa adrès imèl ou pou itilize ak FaceTime.





Sekirite Anliy/ Entènèt

Gen plizyè navigatè entènèt ke ou ka itilize sou iPad la. iPad la tou vini avèk Safari (ikòn bousòl ble ki pi wo a.) Kèlkeswa navigatè ou renmen, men 10 konsèy konsènan sekirite entènèt:

1. Si ou nouvo nan itilize entènèt, mande yon moun ou fè konfyans pou ede ou.
2. Efase imèl kap ofri de bagay ki sanble 'twò bon pou yo vre' (eskwokri fwòd.)
3. Pa pataje enfòmasyon pèsònèl ou anliy.
4. Li ak konprann paramèt vi prive ak politik vi prive aplikasyon an.
5. Pa janm pataje modpas ou (kenbe yo prive / pataje sèlman ak moun ou fè konfyans).
6. Reflechi anvan ou di yon bagay anliy. Li kapab pataje ak anpil moun.
7. Si yon moun di yon bagay anliy ki deranje w, di yon moun ou konnen sa.
8. Pa telechaje oswa klike sou lyen sofsi ou konnen ou kapab fè yo konfyans.
9. Lè wap itilize Wi-Fi (tankou nan yon bar resto) pa antre enfòmasyon pèsònèl oswa finansye ou sou yon sitwèb.
10. Toujou fè mizajou lojisyèl ou.

Pou plis enfòmasyon sou sekirite anliy, vizite: www.usa.gov/online-safety

Sonje, enfòmasyon sa yo ak plis ankò disponib sou paj web Enklizyon Dijital nou a.

cv-atlab.org/Digital-Inclusion

Definisyon Mo iPad yo

App: Fòm abreje pou "aplikasyon." Chak senbòl ki sou ekran iPad ou yo "app" oswa pwogram ki jwe yon wòl espesifik, tankou imèl, navigasyon entènèt, elatriye.

Apple ID (Idantifyan Apple): Yon non itilizatè inik ak modpas ki gen adrès imel ou ak yon modpas ou chwazi. Ki nesesè pou konfigire iPad ou ak telechaje aplikasyon yo, ki enkli sa ki gratis yo tou.

Bluetooth: Yon metòd san fil pou konekte zouti nan iPad la, tankou klavye, opalè, kreyon Apple, kas ekoutè, oswa lòt akseswa. Aparèy Bluetooth yo ka konekte ak iPad ou nan meni Paramèt la, nan onglè "Bluetooth" la.

Headphone Jack (Priz pou Kas Ekoutè): Yon ti, ouvèti sikilè nan kwen anwo-gòch iPad la kote yon kas ak kòd ka konekte ak iPad la.

Bouton Akèy: Yon bouton sikilè, menm gwosè ak yon ti pyès monnen (10 cents) ki anba nan mitan ke yo itilize pou soti nan ekran ou te ye a epi retounen nan "home" (akèy) - paj kote tou aplikasyon ou yo parèt. Ou kapab klike l tou on sèl fwa pou 'ouvri' iPad la lè ekran fèmen an mòd 'vèy'. Bouton akèy la tou se kote ou pral mete dwèt ou lè w ap itilize Touch ID pou deverouye iPad ou a.

Navigatè Entènèt: Yon pwogram oswa yon aplikasyon ki pèmèt ou fè rechèch sou li epi itilize entènèt/web la. Navigatè yo plis itilize yo se Safari, Google Chrome, ak Firefox.

iOS: Sistèm eksplwatasyon Apple pou iPads ak iPhones yo rele iOS. Yon sistèm eksplwatasyon se non pakè a lojisyèl ki fè òdinatè w oswa aparèy ou an mache, epi toujou gen nimewo nan fen a ki di w ki vèsyon nan sistèm nan w ap itilize. Pa egzanp, kounye a vèsyon iOS ki pi resan se iOS 14.2. Ou sipoze mete ajou sistèm eksplwatasyon ou an pa okazyon nan meni Paramèt la anba "General." (Jeneral).

Priz rechaj: Yon ti, ouvèti plat nan mitan epi anba iPad la kote chajè a konekte ak iPad la. Nouvo kas san fil Apple yo kapab konekte la tou.

Kab chajè: Yon kab ki itilize pou chaje iPad la oswa konekte li nan lòt aparèy tankou yon òdinatè. Gen yon tèt ki piti, plat epi adapte ak priz rechaj iPad la. Lòt tèt la se yon pi gwo priz USB an fòm rektang ki adapte nan chajè a oswa yon priz USB nan yon òdinatè oswa yon lòt aparèy.

Phishing (Eskwokri): Yon tip imèl oswa fwòd entènèt. Dabitid yon fwòd eskwokri se yon lyen oswa atachman nan yon imèl oswa paj wèb ki ka vòlè enfòmasyon itilizatè pèsònèl ou si w klike sou li. Si ou resevwa yon imèl nan men yon moun ou pa konnen, oswa nan yon lis imèl ou pa sonje w te anrejistre, fè atansyon. Pa klike sou okenn lyen oswa atachman ki sanble sispèk.

Power Button (Bouton limen): Yon bouton plat an fòm rektang ki akote anwo-adwat iPad ou a. Bouton sa kapab itilize pou ouvri, fèmen iPad la, lè w peze epi kite dwèt ou sou li jiskaske ekran montre afichaj bouton off/on lan. Yon sèl klik ap limen oswa mete ekran iPad la an mòd vèy.

Siri: Yon pwogram nan iPad ou kote ou kapab itilize vwa ou pou poze kesyon ak pase enstriksyon. Siri ka resevwa kesyon yo a loral epi fè aksyon tankou ouvri aplikasyon, pase apèl telefonik, dikte oswa li mesaj tèks ak Imèl, oswa reponn kesyon apati entènèt la.

Touch ID: Yon paramèt sekirite Apple ki pèmèt ou louvri iPad ou ak anprent ou. Gade enstriksyon konfigirasyon yo anwo a. Apre ou fin konfigire iPad ou a, ou ka ajoute lòt anprent anplis si ou vle.

Wi-Fi: (fòm abreje pou 'wireless fidelity') Yon sèvis ke moun peye pou pèmèt aparèy tankou iPads, telefòn entèlijans, òdinatè, ak enprimant gen aksè a entènèt epi pou yo kominike antre yo si yo konekte sou menm rezo/sèvis Wi-Fi sèvis. Ou kapab konfigire Wi-Fi lakay ou oswa ou kapab jwenn li nan yon ti bar resto oswa nan gwo magazen (tankou yon makèt.)

Rekonesans ak kredi pou:

Sipò Apple anliy nan support.apple.com. Pifò kontni gid oryantasyon iPad sa a baze sou travay Sipò Apple la.

Vil Portland lan ak Pwojè Lwa CARES la ki jwenn sipò atravè [Fon Èd Lokal yo nan Dekrè Lwa Cares la](#), ki te apwouve pa Portland City Council an repons ak enpak COVID-19 sou kominote premye liy yo Fon sa a finanse iPads yo, teknoloji akseswa yo, distribisyon yo, ak fòmasyon plizyè abitan Portland. Mèsi espesyal pou entèvansyon Gwoup Travayè Nimerik kont Covid-19 yo ak tout gwo efò yo.